




**ROLL
UP
YOUR
SLEEVES
NEW YORK**



**BWAT ZOUTI VAKSEN KOVID-19 LA POU
KOMINOTE MOUN NWA**

TAB KONTENI YO

- I. Prezantasyon Gwoup Travay pou Enpasyalite ak Fòmasyon sou Zafè Vaksen an.
- II. Poukisa bwat zouti sa a?
- III. Yon apèl pou aksyon.
- IV. Èske w se yon Nouyòkè ki gen gwo risk?
- V. Alò, E pou Vaksen an?
- VI. Ann abòde kèk dout ki jistifye.
- VII. Kèk kesyon yo poze anpil.
- VIII. Konsidere pou vin yon defansè vaksen.
- IX. Lejann kont Verite.
- X. Prensipal sijè diskisyon.
- XI. Kouman pou pran randevou pou vaksen.



I. PREZANTASYON GWOUP TRAVAY

Te genyen enkyetid ke Lamerik te mal prepare epi mal ekipe pou bay youn nan vaksen KOVID-19 yo bay kominote nwa yo, lidè nwa yo te anonse kreyasyon yon fòs travay nan Nouyòk pou alafwa asire yo vaksen an fasil pou Nouyòkè nwa yo twouve l epi adrese enkyetid kominote nwa yo sou sekirite epi efikasite vaksen KOVID-19 la.

Yo te anonse Gwoup Travay pou Enpasyalite ak Fòmasyon sou kesyon Vaksen an kominike pou laprès, epi yo te nonmen Marc Morial ki nan National Urban League, Reveran Al Sharpton ki nan National Action Network ak Senatè Nina Turner kòm ko-prezidan. Misyon Gwoup Travay pou Enpasyalite ak Edikasyon sou kesyon Vaksen an, ki konsantre sou kominote nwa, se pou travay avèk epi ede nan fè fonksyone yon gwoup travay gouvènman entèn, gwoup travay sou Enpasyalite Vaksen Gouvènè a, ki gen yon manda pi laj ki gen ladann Latino, Azyatik ak kominote pòv yo.



**ROLL
UP
YOUR
SLEEVES**
NEW YORK

I. PREZANTASYON GWOUP TRAVAY

Pami moun ki siyen lèt la ou jwenn ko-prezidan yo ak manm nan Gwoup Travay pou Ekite Vaksinasyon an epi Edikasyon, tankou:



MARC MORIAL
*President and CEO of the
National Urban League*



REV. AL SHARPTON
*Founder and President of
the National Action Network*



SEN. NINA TURNER
*Founder of Amare
Public Affairs*

DR. HAZEL DUKES
*President of the
NAACP New York State
Conference and a member
of the NAACP National
Board of Directors*

JENNIFER JONES AUSTIN
*CEO and Executive Director,
FPWA*

KYLE BRAGG
*President of 32BJ
Services Employees
International Union*



II. POUKISA BWAT ZOUTI SA A?

Enfòmasyon egzat e aksesib se premye liy defans nan batay kont pandemi KOVID-19 la. Enfòmasyon yo bay nan bwat zouti sa a se nan lentansyon pou ba w enfòmasyon debaz yo sou viris la ak zouti ki disponib pou w konbat li. Nou espere sa pèmèt ou pran desizyon enfòme sou metòd prevansyon ki ta ka mache pi byen pou ou menm ak moun ou renmen yo.



III. YON APÈL POU AKSYON

Paske pandemi KOVID-19 la frape kominote nwa ak mawon yo pi fò nan tout vil Nouyòk ak toupatou nan nasyon an, se nan kominote sa yo kote enfòmasyon ak sansibilizasyon yo dwe konsantre epi pataje avèk ijans. Manm kominote ki angaje epi envesti tankou w yo bezwen aji kòm anbasadè yo ka fè konfyans ki ka sansibilize vwazen yo, fanmi ak zanmi pou ba yo enfòmasyon sante konplè e egzat ki ka ede yo fè bon chwa kap afekte sante yo ak byennèt yo, epi pa lòt moun nan kominote yo. Kapasite w pou mobilize lòt moun nan pataje resous yo verifye, ka fè tout diferans lan nan ki jan nou konfwonte pou tout bon pandemi an epi alafen metrize li.



IV. ÈSKE W SE YON NOUYÒKÈ KI GEN GWO RISK?

Si w se yon rezidan nwa oswa koulè mawon nan vil sa a, wi ou se yonn. Pandemi kowonavirus la te demaske anpil inegalite rasyal ki te egziste avan eki kenbe kominate koulè ak lòt popilasyon defavorize kòm prensipal sib KOVID-19 la. Nwa yo reprezante 16% nan lanmò KOVID-19 kote yo konnen ras ye. Nan Nouyòk, kowonavirus afekte Popilasyon Nwa nan kominate ki pa gen anpil revni de fwa plis pousantaj la lakay yo ke kay blan yo. Lòt popilasyon ki gen gwo risk yo se:



TRAVAYÈ ESANSYÈL YO

Travayè sa yo, ki gen ladan, men ki pa limite ak travayè ki gen aksè manje, premye sekouris, pwofesyonèl swen sante, travayè swen sante nan kay, pèsonèl transpò piblik, ak moun kap bay swen yo gen tandans yo dwe pi vilnerab a senaryo potansyèl nan transmisyon KOVID-19 pase sa yo ki gen opsyon kap travay a distans, nan anviwònman izole.

Ou ka jwenn yon lis detaye sou travayè esansyèl isit la sou sit entènèt Kontwolè Nouyòk la.

IV. ÈSKE W SE YON NOUYOKÈ KI GEN GWO RISK?

MOUN KAP VYEYI

Risk pou maladi grav akòz Kovid-19 ogmante ak laj, kite granmoun aje yo nan pi gwo risk. Pa egzanp, moun ki nan 50 lane yo gen yon risk ki pi wo pou fè maladi grav pase moun ki nan 40 lane yo. Menm jan an tou, moun ki nan 60 lane yo oswa 70 lane yo jeneralman nan pi gwo risk pou maladi grav pase moun ki nan 50 lane yo. Pi gwo risk pou maladi grav nan KOVID-19 se nan mitan moun ki gen 85 lane oswa plis.



Maladi grav vle di yon moun ki gen KOVID-19 kapab bezwen:

- etène lopital,
- swen entansif, oswa
- yon respiratè pou ede yo respire, oswa
- yo ka menm mourir.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan sit wèb CDC a



IV. ÈSKE W SE YON NOUYÒKÈ KI GEN GWO RISK?

PWOBLÈM SANTE KI EGZISTE DEJA



Adilt ki gen nenpòt laj kap viv [sèten pwoblèm medikal kache](#) gen plis risk pou maladi grav viris ki bay KOVID-19 lan. Maladi grav akòz KOVID-19 defini kòm etène lopital, admision nan swen entansif, entibasyon oswa vantilasyon mekanik, oswa lanmò.

Moun ki gen pwoblèm sante kiegziste deja tankou kansè, obezite, anemi falsifòm, dyabèt tip 2, maladi ren kwonik, ak maladi kè.

REZIDAN KI PA TOUCHE ANPIL KÒB

Moun ki soti nan kominote ki pa gen anpil revni kote gen mwens resous ak aksè nan richès ekonomik ak swen sante yo genyen pi gwo risk pou KOVID-19. Nouyòkè ki ap viv nan katye ki pa gen anpil revni, travay andeyò lakay yo pandan pandemi a nan yon vitès ki pi wo pase mwayèn vil la. Katye sa yo se pou pi fò se kominote minorité nan Bronx, Brooklyn, ak kèk pati nan Queens.

Lè ou fè pati yon popilasyon ki gen gwo risk pou enfeksyon COVID-19, sa pa vle di ou destine pou vin enfekte. E sa pa vle di ou pa gen pouvwa pou pwoteje tèt ou kont enfeksyon. Anplis mete mask ak distans sosyal, èd, sou fòm vaksen kont viris la, rive.



V. ALÒ, E POU VAKSEN AN?

Kounye a gen vaksen KOVID-19 la kòm yon mezi prevansyon kont viris la. Vaksen KOVID-19 la aprann sistèm iminitè ou ki jan pou l rekonèt ak konbat viris la ki lakòz KOVID-19. Vaksen an ede pwoteje ou lè li kreye antikò nan kò w san ou pa bezwen vin malad ak KOVID-19. Se sak fè tou vaksinasyon se yon zouti pwisan anpil nan anpeche moun tonbe malad.

Vaksen ki genyen kounye a ap mande pou pran 2 piki yo bay twa oswa sis semèn apa pou ka benefisyé pwoteksyon maksimòm. Vaksen KOVID-19 la se yon piki yo bay nan pati anwo bra w avèk yon sereng, e menm jan ak lòt vaksen, founisè a ap netwaye po kote piki a pral bay la epi lap mete yon pansman sou kote yo te bay piki a.

Anvan ou pran vaksen an, nan randevouw ta ou dwe resevwa yon fèy enfòmasyon ki bay enfòmasyon espesifik sou vaksen KOVID-19 ou pral resevwa ak fòm wap bezwen ranpli anvan vaksinasyon ou an. Si ou deside pran vaksen an, wap bezwen ranpli fòm vaksinasyon NYS KOVID-19 la anvan ou pran yon randevou.

Pou plis enfòmasyon sou pwosesis

vaksinasyon nan Vil Nouyòk, ale nan

COVID-19 Vaccine | COVID-19 Vaccine (ny.gov)



**ROLL UP
YOUR
SLEEVES**
NEW YORK

V. ALÒ, E POU VAKSEN AN?

DEVELOPMAN AK TÈS VAKSEN

Ekspè medikal, syantifik ak gouvènman pran mezi pou asire popilasyon jeneral vaksen KOVID-19 la pa gen danje. Organizasyon Mondyal Lasante (WHO), Administrasyon Manje ak Dwòg (FDA), ak yon Gwoup Travay pou Konsiltasyon Klinik Endepandan Eta Nouyòk te jwenn otorizasyon pou vaksen, apre yo fin pase plizyè esè klinik ak plizyè milye patisipan ki soti nan divès kote. Men sa nou konnen, jouk jounen jodi a, sou kijan yo te devlope epi teste vaksen an:

Yon avans syantifik...



Syantifik gen anpil konesans sou maladi ki gen rapò koronaviris depi plizyè dizèn lane. Sa vle di syantifik yo te gen yon bon baz nan kolekte done ak enfòmasyon syantifik ki nesesè pou yo devlope yon vaksen lontan anvan pandemi sa a te kòmanse.

Avans nan teknoloji syantifik mete baz fondasyon tou pou yon vaksen KOVID-19, sa ki pèmèt yon vaksen KOVID-19 devlope pi vit pase vaksen òdinè yo.

V. ALÒ, E POU VAKSEN AN?

Bezwen pou vaksen an...

KOVID-19 afekte popilasyon yo nan lemonn antye. Yon vaksen kont viris mòtèl sa imedyatman te vin yon priorite pou gouvènman ameriken an. Akòz gravite pandemi sante piblik jounen jodi a, FDA a te kapab konsantre atansyon li ak resous li yo pou l teste ak otorize vaksen an pou itilizasyon ijans. Ekspè ak ajans sante te fè lòt evalyasyon pou asire sekirite ak efikasite.



Gouvènman, syantifik, chèchè yo ak lòt patnè atravè mond lan te travay an menm tan nan kolaborasyon pou yo teste, fabrike epi pwodui yon vaksen san yo pa koupe nan ankenn mezi sekirite. Lajan gouvènman ak byenfetè te envesti tou nan pwoesis devlopman vaksen an - sa ki pèmèt chèchè ak devlopè vaksen yo jwenn resous yo te bezwen pou teste ak fabrike yon vaksen KOVID-19.

[Pou plis enfòmasyon sou pwoesis](#)

[vaksinasyon nan Vil Nouyòk, ale nan](#)

[COVID-19 Vaccine | COVID-19 Vaccine \(ny.gov\)](#)



V. ALÒ, E POU VAKSEN AN?

REPREZANTASYON NAN ESÈ KLINIK YO...



Plizyè dizèn de milye divès popilasyon, ki gen ladan popilasyon nwa ak koulè mawon sitou, te patisipe nan esè klinik, ki te ede syantifik evalye sekirite ak efikasite vaksen an pou divès kominate. Sa a enpòtan paske, pandan anpil ane, pifò esè klinik yo te favorize patisipan blan, sa ki te souvan vle di minorite ki pi afekte yo te pa te reprezante ase nan rechèch enpòtan.

**ROLL
UP
YOUR
SLEEVES**

NEW YORK

VI. ANN ABÒDE KÈK DOUT KI JISTIFYE

Reyalite kote kominate nwa ak moun koulè mawon pi afekte ak enpak maladi epi ap sibi repèkisyon rasis sistemik ak ouvè ki genyen nan swen sante a, gouvènman an ak tout aspè nan lavi sitwayen yo, se pa yon fenomèn nouvo.

- **Li se yon reyalite dokimante ki** montre tout istwa eksperyans medikal te fèt ak Ameriken nwa san konsantman eklere yo epi rezulta yo se te katastwòf.
- Kidonk, nou konprann ou ka pa santiw alèz lè yo diw pou espoze tèt ou nan novo remèd ak vaksen lè yo vin disponib.



Men, mank konfyans pa dwe janm mennen w nan dezengajman pou jwenn enfòmasyon lè sitiyasyon sante ki menase lavi ki ta ka afekte ou menm oswa lòt manm nan kominate ou yo konsène.

Menm jan ak nenpòt pwoblèm sante novo oswa kap devlope e kap afekte yon popilasyon nan mannyè agresif, aprann sou li se kle a nan pwoteje tèt ou epi fè fas ak li. Se poutèt sa li enpòtan pouw bay tèt ou yon tan pouw aprann sou kijan ak poukisa vaksen ap jwe yon gwo wòl nan ralanti pwopagasyon KOVID-19 la.



VI. ANN ABÒDE KÈK DOUT KI JISTIFYE

KOVID-19 bay laperèz. Epi efè li yo ka fatal si yo pa ka trete. Li esansyèl pouw toujou anvi konnen epi envestiw nan tou sa kap fèt pou trete epi anpeche maladi a gaye.

Ann fè fas ak li: te gen yon tan kote mete mask, dezenfeksyon souvan, ak distans sosyal pat yon pati nan woutin nòmal ou. Ou te ka menm te panse lè w fè sa se te yon egzajerasyon ak yon ti jan twòp. Men, opinyon ou sou mezi ekstrèm sa yo te petèt chanje yon fwa ou wè ak fè eksperyans viris la ki tap gaye eki te vin fè pati lavi w toulejou pou tout bon.



Vaksen an ki partèt kounye a se novo mezi prevansyon nan batay kont pwopagasyon viris la. Menm jan ak nenpòt novo mezi sante ki ka sove lavi moun, enfòmew anvanw aji. *Men, pa kite laperèz, entimidasyon, move enfòmasyon, oswa vye tradisyon anpechew aprann otan ou kapab sou fason ki pi efikas pou konbat enfeksyon ak pwopagasyon KOVID-19.*

Tanpri, kontinye li sou yo pou aprann kèk enfòmasyon debaz sou vaksen an, pou ede ou pran desizyon eklere sou pwoteksyon sante ou nan semèn kap vini yo.

VII. KÈK KESYON YO POZE ANPIL


Mwen te teste pozitif pou antikò KOVID-19 la. Èske m toujou bezwen pran vaksen an?

Wi. CDC rekòmande pou ou pran vaksen an menm si ou te gen KOVID-19 anvan paske ou ka enfekte plis pase yon fwa. Malgre ou ka genyen yon sèten pwoteksyon antikò pandan yon ti bout tan apre ou geri anba virus la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a pral dire.



Èske vaksen an san danje pou timoun, fanm ansent, ak fanm kap bay tete?

Done ki disponib sou sekirite vaksen COVID-19 la pou timoun, fanm ansent ak fanm kap bay tete limite pou kounye a - men rete branche pou nouvo done pandan yap devlope.



VII. KÈK KESYON YO POZE ANPIL

Ki efè segondè vaksen an?

Menm jan ak lòt vaksen, vaksen KOVID-19 la jiska prezan ka lakòz efè segondè ak sentòm pa twò grav apre yo antre nan kò w. Sentòm yo rapòte pi souvan yo se doulè oswa anflamasyon nan kote yo bay piki a, lafyèv, fatig, maltèt, gangliyon lenfatik anfle ak frison. Dapre responsab sante yo, sa yo se siy nòmal nan repons kò a bay vaksen an, e nenpòt ki efè segondè dwe ale sou kèk jou. Otorite sante yo te rapòte tou kèk ka moun ki te gen reyakson alèjik, tankou itikè, anflamasyon ak souf anlè (detrès respiratwa) apre yo fin resevwa yon vaksen KOVID-19.



Si ou gen yon istwa reyakson alèjik grav ak vaksen oswa ak nenpòt tretman enjeksyon, ou ta dwe konsilte doktè ou oswa founisè swen sante ou pou yo ka deside si pa gen danje pou ou nan pran vaksen an. Mete sousa, si ou chwazi pran vaksen an, doktè ou oswa pwofesyonèl swen sante ou ta dwe okouran de tout posiblite reyakson alèjik grav epi pou yo gen bon tretman medikal la soulamen pou nenpòt ki reyakson alèjik grav ki ta devlope. Nou ankourajew rapòte nenpòt efè

segondè ou ka fè apre ou fin resevwa vaksen KOVID-19 la bay yon pwofesyonèl swen sante.

VII. KÈK KESYON YO POZE ANPIL



Kòman m ka pran vaksen an?

Vil Nouyòk ak Eta Nouyòk ap distribye vaksen KOVID-19 nan yon apwòch gradyèl bay moun ki gen gwo risk pou yo kontrakte ak gaye viris la. Tank pwodiksyon vaksen an ap ogmante, se tank plis moun Nouyòk ap gen posiblite pou yo pran vaksen an. Pou plis enfòmasyon sou ki moun ki kalifye pou vaksen an, ale sou [COVID-19: Vaccine Eligibility - NYC Health.](#)

Yon fwa mkalifye, ki kote map ka pran vaksen an?

Vaksen aktyèl kOVID-19 la disponib nan lakay founisè swen sante lokal ou, klinik kominotè ak lopital, famasi ak sant swen ijans yo. Gen kèk kote yo fè tès KOVID-19 ak lòt kote yo louvri nan kominote a ki ka ofri vaksen tou. Pou jwenn yon founisè vaksen KOVID-19 tou pre w, vizite [NYC COVID-19 Vaccine Finder.](#)



VII. KÈK KESYON YO POZE ANPIL



Si mwen pran yon vaksen KOVID-19, èske mwen toujou dwe mete yon mask epi kenbe distans sosyal?

Wi. Ou pral bezwen kontinye mete yon mask, kenbe distans sosyal epi pratike bon ijjyèn pou menw nan jou kap vini yo, pandan yap deplwaye vaksen an ofiamezi.

Èske vaksen KOVID-19 la gratis?

Vaksen an gratis pou tout moun. Si ou gen asirans, yo ka chaje li, men yo pap chaje ou yon kopeman oswa lòt frè.

Èske mwen dwe bay sitiyasyon imigrasyon mwen pou mwen pran vaksen an?

Non, ou pa bezwen fè sa. Pran vaksen se pa yon avantaj sosyal piblik selon règ sou responsabilite piblik la. Lè ou resevwa vaksen an, yap pwoteje vi prive ou. Genyen lwa strik anvigè pou asire sekrè enfòmasyon pèsonèl ou.

VIII. KONSIDERE POU VIN YON DEFANSÈ VAKSEN



Aprann konnen epi pataje enfòmasyon egzat sou KOVID-19, vaksen an, ak tout lòt metòd prevansyon ansanm ak fanmi, zanmi ak manm nan kominotew la ka sove lavi epi baw anpil satisfaksiyon. Pataje enfòmasyon se yon bon fason pou eliminate move enfòmasyon ak laperèz ki anpil fwa anvayi kominote neglige ak defavorize yo, sa ki konn anpeche mounn rive jwenn swen sante efikas. Lèw gaye pawòl la sou metòd prevansyon KOVID-19 ki mache yo, tankou aksen an, ou ka vin kab boustè ki pran yon moun nan yon sitiyasyon kote li pat gen enfòmasyon pou l pran dezisyon pou metel nan yon sitiyasyon kote li santil byen ame pou l pran.nouvo mezi pozitif pou pwoteje sante li ak sante fanmi li, zanmi li ak vwazen li yo.

VIII. KONSIDERE POU VIN YON DEFANSÈ VAKSEN

Kèk fason ou ka fè sansiblizasyon?

Konvèsasyon endividyèl: Kit se pa telefòn, tèks, zoom, oswa DM (mesaj dirèk), ou gen pouvwa pou kominike ak moun ki pa ka deside nan rezo ou pou reponn ak enkyetid yo, reponn kesyon yo mande toutan yo ak sa ki vre, epi bay aksyon konkè yo ka pran pou asire byennèt yo.

Kontwol Byennèt: Anpil nan nou deja ap kominike tanzantan ak fanmi ak zanmi pou kontwole byennèt yo. Nan pwochen kontwòl ou, sonje mande si moun ou yo gen yon plan prevansyon KOVID 19 konplè. Si yo pa genyen, enfòme yo sou tout metòd prevansyon san danje ki disponib kounye a epi ofri pou ede yo ak nenpòt bezwen yo diw pou yo gen aksè.



Poste sou Medya Sosyal: Mobilize kont medya sosyal paw pou gaye pawòl la pi lwen nan kominote a.

Parèt transparan: Pale ak moun ou renmen sou mezi prevansyon wap pran ka ede bati konfyans ak enspire aksyon. Si wap planifye pran yon vaksen KOVID-19, pataje bwat zouti sa a ak zanmi ou yo ak kominote a. Pou yo, ou se petèt yon sous pi serye yo ka fè konsyans olye de yon moun yo mwens abitye ak li oswa yo konsidere li mwens angaje.

Pataje bwat zouti sa a: Bwat zouti sa a gen enfòmasyon esansyèl sou vaksen an ak enpak li ka genyen i sou moun nwa. Pataje bwat zouti sa a ak lòt moun nan kominote w la epi enspire zanmi ak fanmi pou yo pran desizyon enfòme sou sante yo.

IX. LEJANN KONT VERITE



Lejann: Moun yo te fe eksprè yo te kreye epi lage KOVID-19.

Verite: Viris yo ka chanje pi devan. Pafwa yon epidemi maladi rive lè yon viris ou jwenn lakay bêt tankou yon kochon, chòvsouri oswa zwazo sibi chanjman epi transmèt bay moun. Gen anpil chans pou se konsa kowonaviris la te evolye.

Lejann: Vaksen KOVID-19 la pral ban mwen maladi a.

Verite: Vaksen KOVID-19 la pa gen ladann pwodui ki ka lakòz maladi. Vaksen KOVID-19 montre kò ou kijan poul kreye pwoteyin viris la.. Sistèm iminitè ou devlope antikò kont pwoteyin sa yo ki pral edew konbat viris ki lakòz KOVID-19 la si ou fè fas ak li.

Lejann: Vaksen KOVID-19 la ap chanje ADN mwen.

Verite: Pwodui ki nan vaksen KOVID-19 la pa janm antre nan nwayo selil la, kote ADN (materyèl jenetik) nou estoke a. Selil la kraze epi jete materyèl vaksen KOVID-19 la touswit apre li fini itilize enstriksyon li resevwa nan men li yo.



IX. LEJANN KONT VERITE



Lejann: Vaksen an te devlope twò vit , kidonk li pa efikas oswa li ka danjere.

Verite: Chèchè yo ap etidye epi travay ak vaksen ki sanble ak vaksen KOVID-19 la depli plizyè dizèn lane. Vaksen ki sanble sa yo te etidye anvan pou grip, zika, maladi laraj, ak sitomegaloviris (CMV). Touswit apre enfòmasyon ki nesesè sou viris ki responsab pou KOVID-19 la te vin disponib, syantifik yo te kòmanse konsevwa enstriksyon pou selil yo bati pwoteyin spikil inik la nan yon vaksen mRNA.

Lejann: Mwen pa kapab pran risk poum pran vaksen an.

Verite: Ou pa kapab pran risk pouw tonbe malad. Vaksen kapab edew pwoteje santew pou pa pèdi tan nan konbat maladi a si ou ta pran li. Si ou ka evite vin malad, wap gen plis tan pou fanmiw, zanmiw , ak aktivite ou renmen fè yo. Lè w pran vaksen yo rekòmande yo, wap gen pi bon pwoteksyon posib kont yon kantite maladi grav epi sa ka ba ou yon sèten repo lespriw nan pwosesis la.

X. PRENSIPAL SIJÈ DISKISYON

Enfòmasyon debaz: KOVID-19 se yon maladi kontajye ki enfekte nan yon mannyè anòmal moun nwa ak mawon nan vil Nouyòk ak toupatou nan peyi a. Ou pa pou kont ou epi ou dwe fè tout sa ou kapab pou pwoteje sante ou.

Prevansyon pou enfeksyon: Pou evite pran viris la, rete lakay ou si ou malad, lave men ou tanzantan, mete yon mask sou figiw, kenbe yon distans sis pye ak lòt moun, epi byen konsidere pou pran yon vaksen KOVID-19.

Vaksen an pa gen danje: Vaksinasyon se fason ki gen plis sekirite e pi serye pou kenbe tèt ou, fanmi ou, ak kominate ou pwotejew kont KOVID-19.

Vaksen an efikas: Vaksen KOVID-19 la apeprè 95% efikas e li te sibi tès sekirite strik.

Vaksen an pa gen paspouki: Vaksen KOVID-19 la gratis epi li disponib pou tout Nouyòkè, kèlkeswa ras, sèks, oswa sitiyasyon imigrasyon.

Fè Aksyon: Bati yon plan pèsonalize pou anpeche yon enfeksyon KOVID-19 ki anrasinen nan reyalite se pi bon fason pou asire byennèt ou pandan pandemi an. Swiv pwotokòl pwoteksyon ak prevansyon an, epi pran vaksen, ap ba ou pi bon plan daksyon ki egziste pou kounye a.



XI. KOUMAN POU PRAN RANDEVOU POU VAKSEN



Nan Eta Nouyòk lan, ou ka itilize [app “Èske mwen elijib”](#) la pou verifye kalifikasyon ou epi pran randevou. Eta Nouyòk genyen tou yon liy dirèk vaksinasyon kote ou ka rele pou pran yon randevou pou yon vaksen: 1-833-NYS-4VAX (1-833-697-4829).

Si wap pran vaksen an nan Vil Nouyòk, ou ka tcheke elijiblite ou, jwenn adres founisè yo, epi pran randevou atravè [NYC DOHMH Vaccine Finder](#) oswa rele 877-VAX-4NYC (8 am-9pm).

TOUT DISTRIBUTION VAKSEN FÈT SOU RANDEVOU SÈLMAN.



**ROLL UP
YOUR
SLEEVES**
NEW YORK

ROLL UP YOUR SLEEVES NEW YORK

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan:

[Center for Disease Control](#)

[New York State](#)

[New York City](#)

[Roll Up Your Sleeves NY](#)

Twous Vaksen COVID-19 pou Kominote nwa yo ak sit entènèt la te devlope nan yon patenarya avek FPWA. Mèsi a Catholic Charities of the Archdiocese of New York, pou tradiksyon twous vaksen COVID-19 la pou kominote nwa yo.

